



Pou Piblikasyon Imedya: 28/12/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE LÒT RE-OUVÈTI OTOWOUT PRENSIPAL NAN  
LWÈS NEW YORK APRE TANPÈT NÈJ ISTORIK LA**

***Pati nan Konte Erie I-190 ak Wout Eta 5, 33 ak 198 yo pral re-ouvri konplètman  
nan 12 a.m. aswè a***

***Tout otowout nan eta a nan Lwès New York pral ouvri kounye a***

***Depatman Transpò Eta a ak Otorite Thruway kontinye ede minisipalite lokal yo  
avèk debleyaj nèj***

Gouvènè Kathy Hochul te anonse ke tout otowout prensipal eta yo nan Lwès New York pral re-ouvri a minwi aswè a apre youn nan tanpèt ivè ki pi fò ki te janm afekte Eta New York. Wout Eta 5, 33, ak 198, ansanm ak yon pati Interstate 190 nan Konte Erie pral re-ouvri konplètman. Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) ak fòs antretyen Thruway yo, an kowòdinasyon avèk premye sekouris yo ak gouvènman lokal yo, te travay san rete pandan kèk jou ki sot pase yo pou retire nèj sou wout lokal yo ak machin ki abandone yo pou asire ke otowout sa yo ka re-ouvri pi vit posib. Ouvèti yo fèt yon jou apre Thruway Eta New York (I-90), I-290, I-990, Wout Eta 400 ak 219; epi pati nan I-190 nan Konte Niagara ak nan nò I-290 nan Konte Erie te re-ouvri pou sikilasyon machin.

"N ap travay tout lajounen ak lannuit pou ede Lwès New York rekipere anba tanpèt ivè istorik sa a, epi nou p ap sispann jiskaske travay la fini", **Gouvènè Hochul te deklare**. "Mwen trè rekonesan anvè tout travayè antretyen otowout yo, premye sekouris yo ak anplwaye sèvis ijans yo ki kontinye travay san pran souf pou ede Nouyòkè parèy yo".

Depatman Transpò Eta a ak fòs Thruway yo rete sou plas, y ap raboure wout lokal yo atravè Lwès New York, epitou yo ap mennen operasyon soufle nèj ak chajman ak transpò. Jiska prezan, Depatman Transpò a te voye senk vag mendèv ak ekipman, epi li mobilize resous kontraktè yo pou ede netwaye wout lokal yo epi ede Vil Buffalo ak minisipalite lokal yo nan retire nèj. Otorite Thruway te voye tou de vag mendèv ak ekipman nan Lwès New York epi l ap voye plis si kondisyon yo jistifye sa.

Pou tout bezwen sèvis ki pa ijans anvan, pandan

oswa apre yon tanpèt, rele 211 oswa vizite [211nys.org](http://211nys.org).

###

Lòt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418